

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIAKSI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi tina ieu panalungtikan.

5.1. Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data anu aya dina bab IV, bisa dicindekeun sababaraha perkara dumasar rumusan masalah anu kapidangkeun, éta kacindekan téh nya éta.

Kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII B SMPN 1 Cikalongkulon taun ajaran 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél *concept sentence* kawilang kurang ku sabab peunteun rata-rata siswa acan ngahontal angka kritéria peunteun sacara umum nya éta 75, peunteun rata-rata *pretest* siswa téh aya dina angka 49,78, mangka siswa kelas VIII B SMPN 1 Cikalongkulon taun ajaran 2022/2023 kurang dina nulis guguritan sabab acan ngahontal angka kritéria peunteun sacara umum (75).

Kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII B SMPN 1 Cikalongkulon taun ajar 2022/2023 sanggeus ngagunakeun modél *concept sentence* kawilang hadé, ku lantaran sanggeus dilarapkeunna modél *concept sentence* téh peunteun rata-rata *posttest* siswa ngahontal angka 75, nya éta aya dina nagka 86,78. mangka siswa kelas VIII B SMPN 1 Cikalongkulon taun ajaran 2022/2023 hadé dina nulis guguritan sabab geus ngahontal angka kritéria peunteun sacara umum (75).

Aya bédha anu signifikan tina hasil kamampuh nulis guguritan saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *concept sentence*. Éta katitén dina uji hipotésisi anu dilakonan ngaliwatan IBM SPSS versi ka 26 klayan ngagunakeun uji hipotésis non-paramétrik wilcoxcon, hasil tina uji hipotésis dina ieu panalungtikan bisa ditilik tina peunteun Asymp. Sig. (2-tailed) anu aya dina angka 0,000, éta peunteun leuwih leutik manan 0,05 saupama dituliskeun sacara matematis mah jadi $0,000 < 0,05$ ku kituna bisa ditafsirkeun aya bédha anu signifikan antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *concept sentence* dina kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII B SMPN 1 Cikalongkulon taun ajaran 2022/2023.

5.2 Implikasi

Modél *concept sentence* digunakeun dina ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan, réspon anu kacangking ti siswa jeung guruna kawilang positif. Ku sabab ieu modél macu barudak pikeun maluruh kecap galeuh dina matéri ogé nyangking harti tina éta kecap galeuh kalayan maké basa siswa sorangan, jadi siswa bisa leuwih ngarti kalayan teleb kana matéri anu ditepikeun. Kadang-kadang siswa hésé nyangking hiji matéri ku sabab henteu ngarti naon anu dipikamaksud ku buku pakét atawa pedaran ti guru, dina modél *concept sentence* siswa bisa nyangking ma'na dina kecap galeuh matéri sabab siswa maluruh éta kecap-kecap galeuh téh sorangan jeung ditulis ogé diungkarakeun ku basa sorangan, antukna siswa jadi leuwih maham kana matéri anu ditepikeun. Éta prak-prakanana dilakonan ku cara maluruh heula kecap galeuh anu aya dina éta matéri tina sumber-sumber buku jeung internet, sanggeus maluruh informasi ngeunaan ma'na kecap galeuh, satulunya dituliskeun dina buku séwang-séwangan kalayan kelompok, antukna hasil maluruh téh diprésentasikeun maké basa sorangan. Ku kituna siswa leuwih gampang nyangking eusi ma'na dina matéri guguritan.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana panaluntikan anu geus dilakonan aya sababaraha rékoméndasi anu ditepikeun nya éta.

Modél *concept sentence* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan, ku kituna ieu modél pangajaran bisa dijadikeun alternatif ku guru nalika ngajar di kelas.

Dina panalungtikan nulis guguritan ngagunakeun modél *concept sentence* téh aya sababaraha perkara anu kudu dititénan, di antarana: 1) sintaksis modél *concept sentence* kudu dipikapaham; 2) saupama aya sésa waktu anu réa nalika sakwéhing léngkah modél *concept sentence* bérés dilakonan dina hiji waktu KBM mangka kudu disayagakeun kagiatan anu bisa ngasah pamahaman dina widang nulis guguritan; 3) rarancang pangajaran kudu luyu jeung ngéntép seureuh; 4) kudu bisa ngondisikeun kelas di tengah KBM, pangpangna dina bagéan présentasi sangkan bisa ngirut siswa jeung ngafokuskeun siswa kana KBM; 5) kudu niténan jeung ngatur waktu nu éféktif dina KBM.

Dipiharep modél *concept sentence* dina pangajaran nulis guguritan atawa pangajaran anu lian bisa leuwih ngabuktikeun yén hasil pangajaran nulis leuwih hadé maké modél *concept sentence*.